Ассаламу гІалайкум!

# ЦІумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2024 соналъул 6 сентябрь Рузман №40 (7854) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦІУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

Лъаялъул къо

## Гьигьалъ ва ТІисси рагьана цІияб школаби

2 сентябралда районалъул школазда рохалилаб ахІвал-хІалалда байбихьана цІияб



цІалул сон. Районалъул школазда исана партаялда нахъа гІодов чІезе вуго 2432 цІалдохъан, гьездаса тІоцебесеб классалъул- 209 цІалдохъан.

БатІаго рохел букІана гьеб къоялъ ТІисси ва Гьигьалъ школазда, кІиябго росулъ рагьана цІияб кІитІалаяб школа.

**Гьигьалъ.** Гьеб къоялъ Гьигьалъ росдал Шапи-ХІажи ГІисаевасул цІаралда бугеб школалда букІана кІудияб рохел. Росдал школа бухІун хадуб, чамалиго соналъ рукІана гьел цІулал къаназул гьабураб минаялъур. Гьеби бихьун, 2018 соналъул сентябралдаса жакъа къоялде щвезегІан рукІана росдал мадрасалъул минаялъуб.

Гьале ахир -къадги тІубана гьигьалъдерил аниц. Рагьана 120 цІалдохъанасе бакІ бугеб цІияб школа. Росуцоязда гьеб баркизе рачІун рукІана Дагъистан Республикаялъул физкультураялъулги спорталъулги министр Сажид Сажидов ва райадминистрациялъул бетІерасул заместитель Халилула МухІамадов. Жидерго баркиялъулал кІалъаязда гьез бицана республикаялъул хІукуматалъ лъай борхизабиялъе кьолеб кІвараалъул, ралел школазул, лъималазул ахазул ва цогидалги социалиял объектазул.



ЦІалдохъабазе гьарана тІадчІун, ахІ бахъун цІализе сахлъи, учительзабазе - махщел камиллъи ва къохІехьей.

Школалъе сайгъаталги гьарулаго, байрам баркун кІалъазе рахъана росдал школалъе ва администрациялъе гІемер соназ нухмалъи гьабурав ГІумарасхІаб ГІисаев, Шапи-ХІажи ГІисаевасул вас МухІамад ГІисаев, Гьизляр районалъул депутатазул Собраниялъул председатель Нурудин Къагьиров, Агъвали гимназиялъул директор Муслим ВахІидов, школалъул выпускникал МухІамадсултІан ГІалиев, Малач МухІамадкеримов, МухІамад Мажидов.

Гьединго цІалана кІикъоялда анцІабилел соназ Гьигьалъ школалда захІматалъул нух байбихьарав медицинаялъул гІелмабазул кандидат, врач-травматолог МухІамад ГІабдулхабировасул, школалъул выпускникал академик Камалудин МухІамадовасул ва Ухта шагьаралъул больницаялъул бетІерав врач ХІайбула Рамазановасул баркиялъулал телеграммаби. Гьедин берцинго ана Гьигьалъ школалда лъаялъул къо.

**ТІисси.** АнцІила щуго соналъ цебе школаги биххун, росдал администрациялъул басрияб ва къвaридаб минаялъуб хІебтІана ТІисси росдал школа.



Гьениб бугеб ахІвал-хІал бихьарав Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат ГІабдурахІман Камиловас тІаде босана школа базе, ва къокъабго заманалда жаниб бан рагІалде бахъана росдада цебе кІитІалаяб школа.

Школа рагьиялъул байрам баркизе ТІисси рачІун рукІана районалъул бетІер Шамил ГІумаров, Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутатал ГІабдурахІман Камилов ва ГІабдулмуслим КъурбангІалиев, республикаялъул ветеринарияб комитеталъул нухмалъулев МухІамад Шапиев, республикаялъул лъай кьеялъул ва гІелмуялъул министерствоялъул управлениялъул нухмалъулев Шамил ГІумардибиров.

ЦІалдохъабазда ва учительзабазда лъаялъул къо ва цІияб школа рагьи баркун кІалъазе рахъарал гьез баркана школалъул киналго хІалтІухъабазда, цІалдохъабазда ва гьезул эбел-инсуда, росдал жамагІаталда росдал байрам - цІияб школа рагьи.

-ХІурматиял цІалдохъаби, учительзаби ва росдал жамагІат, баркула нужеда жакъасеб нилъер байрам - цІияб школа рагьи. БукІа абе нужее гьаб берцинаб школа баракат бугеблъун. Гьарула нужее щулияб сахлъи, рохел, цІалулъ ва хІалтІулъ лъикІал хІасилал. ЦІали ккола захІматаб, амма аваданаб ва ракІ балеб иш. МагІарулазул аби буго цІалани, гІелму щолин, хІалтІани, боцІи щолин абураб. Нужеца, цІалдохъаби, цІалиялда тІадчІей гьабе, жигар бахъе нужеегоги халкъалъеги мунпагІат бугеллъун рахьине,- ян абуна Шамил ГІумаровас.



ГІабдурахІман Камиловасги баркана тІисадерида школа рагьи. Гьарана цІалдохъабазе ва учительзабазе щулияб сахлъи, цІалулъ ва хІалтІулъ лъикІал хІасилал.

Росуцоязда байрам баркизе рачІун рукІана район тун къватІир ругел росуцоялги.





ГІубайдула Малачдибиров

# Олимпиялъул чемпион кIодо гьавуна

## **МухIамад Рамазанов:** Гьаниб буго дир Париж, гьаниб буго дир Стамбул.

ГIемераб бицана, абуна, хьвана Парижалда тIобитIараб Олимпиадаялъул чемпион, нилъер ракьцояв МухIамад Рамазановасул хIакъалъулъ.



Чемпионасулгун балъхъадерил дандчIваялъул лахIзат

Олимпиада байбихьилалдего МухIамадие бергьенлъи гьарун, гьев бергьун хадуб гьевгун дандчIвазе бокьарал цIумадисел гIашикъго балагьун рукIана гьеб къо бачIиналде.



Гьале, ахир-къадги, рес щвана районалда лъабабизе вахъарав олимпиялъул хIаязул чемпионгун дандчIвазе.

Араб шамат къоялъ МухIамад кIодо гьавуна гIагараб районалда.

РикIкIадисеб гIагарлъиялдаса гIагарда бугеб мадугьаллъиго лъикIилан абухъего, ургъел-рохалие кидаго ратулел мадугьалзаби-балъхъал, гьаб нухалдаги хилиплъичIо жидерго лъикIаб гIадаталъе: районалъул бетIер Руслан ХIамзатовасул бетIерлъиялда гьоркь гIисиналги чIахIиялги рачIана мадугьал-чемпионасда дандчIвазе бакъулъулазулгун бугеб гIорхъоде щвезегIан. Рохалилаб ахIвал-хIалалда, чемпион гIагараб районалде вуссунев вукIиналдаса бохун гвангъараб бакъул чIоразда гьоркь балъхъадерица бакълъулазул гIорхъада дандчIвана ва цIумадисезул гIорхъоде щвезегIан регIана олимпиялъул чемпион, ва «викъа-хьамиялдаса хIинкъун», абухъего, Руслан ХIамзатовас гьев «кодосан кодове къуна» районалъул бетIер Шамил ГIумаровасухъе камикватIи гьечIого цIумадисезухъе щвезавеян.

Районалъул гIорхъода чемпионасулгун гьабураб дандчIвай кIудияб байрамалде сверана макъу-рахIат тун, МухIамадил цевевахъиназда балагьун, гьесие бергьенлъи гьарун, дугIа-алхIамалда рукIарал районцоязе.

Данделъиялъул байбихьуда, вацлъиялъулаб къвалгибан, Шамил ГIумаровас районцоязул рахъалъан МухIамад Рамазановасда баркана гьесул гвангъараб, дандияздатIад ракIчIун босараб бергьенлъи ва районалъул меценатазул рахъалъан сайгъат гьабуна LiXiang L7 автомашинаялъул кIулалгун ракIалде щвеялъе сайгъатал.

Бергьенлъиги баркун, росуцоязул ва ХъварщикIкIалахъ яшав гьабун ругезул рахъалдаса инхокъварисезул лъарал рагIалда, тIабигIат берцинаб рохьил расалъиялда къого сотых ракьул сайгъат гьабуна, ва гьелъул сертификат къуна Инхокъвари росдал администрациялъул бетIер ГIабдулнасир Хизриевасги.

Сайгъаталги къун, баркиялъул кIалъаял гьаруна Болъихъ районалъул бетIер Руслан ХIамзатовас, эркенаб гугариялъул рахъалъ районалда тIоцеве вахъарав Европаялъул чемпион Ихак ХIайдарбековас, Дагъмелиоводхозалъул нухмалъулев МухIамад Юсуповас, «Спорт без границ» телеканалалъул комментатор Степан Крижановскияс, бегIераб рагIул устар АхIмад ГIамирхановас, Дагъистаналъул халкъияв артист Каримула ГIабдулаевас, Гьизилюрталда бугеб цIумадисезул жамгIияб гIуцIиялъул нухалъулев МухIамадхан Хъазанатовас, районалъул спорталъулгун гIолилазул ишазул отделалъул нухмалъулев ТIалхIат ГIабдулбасировас, районалъул Собраниялъул депутат МухIамад ХIанановас ва цогидазги.



Гьелдаса хадуб чемпионгун цадахъ спорт бокьулел районцоязул ва гьалбадерил тIелалъ нух босана ХъварщикIкIалахъ рохьоб жаниб тIабигIаталъул берцинлъиялъе гIурхьи гьечIеб «Цокьо» байданалде.



КIудияб хIадурлъи гьабун бугоан гьениб гьалбадерие-кванил нигIматаздалъун гьарзаяб тепсиялда нахъе гIодов чIана анлънусгоялде гIагарун чи. Гьенирги камичIо МухIамад Рамазановасда баркиялъулал кIалъаял гьаризе бокьарал. Гьезул щивас гьарана ракьцоязеги, гьел цолъи-гъункиялъе багьаналъун ккарав чемпионасеги хадубккунги бергьенлъаби, сахлъи, спортивияб икъбалгун талихI.

Баркиялъулаб кIалъайгун лъикIаб вагIза-насихIат гьабуна гьениб Хонохъ росдал имам Сурхайица. МухIамадида бергьенлъи баркун кIалъазе рахъана Бузнаса бахъулеб нухда хIалтIулев Салман ХIажимурадов, рагъулаб самбоялъул Россиялъул федерациялъул вице-президент МухIамадсултан ГIалиев, медицинаялъул гIелмабазул кандидат, врач-терапевт ГIали Абуязидов, спорталъул ветеранал МухIамад Бадрудинов ва ГIабдулмалик ГIалидибиров, МухIамадил тренерал Вадим Биязгун Закария Рамазанов ва цогидалги.

# Олимпиялъул чемпион кIодо гьавуна

2







Данделъараз кутакаб хъатчIваялдалъун къабул гьавуна живги кIодо гьавун рохел бикьизе рачIарал районцоязе ва гьалбадерие баркалаялъулаб кIалъай гьабизе цеве вахъарав олимпиялъул чемпион МухIамад Рамазанов.

-Дида гьаниб бихьулеб буго гьаб медалалъ нилъ цолъизарураблъи ва гъункизарураблъи. Дун гьелдаса кутакалда вохарав ва чIухIарав вуго.

Дун кив вугониги, киве ккангиги, гьаниб буго дир Парижги, гьаниб буго дир Стамбулги,-ян абуна жиндирго кIалъаялъул ахиралда МухIамад Рамазановас.

Данделъаразул халат бахъараб хъатчIваялдаса бихьулеб букIана районцоязул рохи ва чемпионасдаса чIухIи.

Инхокъвари, Октябрьское, Астрахань, Москва - гIатIидаб буго гIолохъанав багъадурасул гIумрудул география, амма гIагараб ЦIумада буго гьесул борженалъул борхалъиги, бицунеб рагIул гьварилъиги, пикрабазул гIатIилъиги.

Тадбиралда баркиялъулал гIемерал рагIаби абуна эменги хун анлъго бесдалал гIезаюрай, гIадамазулъе гьел рахъинарурай МухIамадил эбел Сидрат МухIамадовалъул рахъалъги.

Районалъул нухмалъиялъул рахъалъ кIудияб баркала тадбир берцин гьабурал ва гьелъие квербакъарал районалъул меценатазе.

Баркала, кидаго гIадин, гьаб нухалъги гьалбадерие ракIалде щвеялъе сайгъатал гьарурав ТIиндиса меценат КъурамухIамад ГучучгIалиевасе. Гьев сахаватав инсанасул гIахьалчIи гьечIеб кинабгIаги тадбир унарин районалдайин абуни мекъи ккеларо, хасго кIодо гьарула гьес гьарухъаби.

РакIал паналъуледухъ берцинго ахIараб какил гьаракьалъ ракIарана гьалбал чемпионасул хIурматалда рохьил рацIцIалъиялде ва гьелъго ахирги лъуна тепсиялъе.

ГIемерлъаги цIумадисезеги, Дагъистаналъеги, улкаялъеги МухIамад гIадал гIолохъаби.

**ГI. Малачдибиров,**
**Х. Залимханова**

# ГIатIиракьазда ругел инхокъварисезул байрам

Гьале тIаде щвана кидадай бачIинебин урхъун рукIараб августалъул къо. Парижалдасан МухIамадица ахIун бачIана жив 28 августалъ, Аллагьас хъван батани, гIагараб росулъеги щвезе вугилан.




-Хасавюрт районалъул Октябрьское росулъ гIумру-яшав гьабун ругел Инхокъварисез ва КIванкьадисез МухIамад Рамазанов кIудияб адабхIурматгун, меседил медальгун тIадвуссаян дугIа-алхIамги цIалун, тIовитIана Парижалде,-ян бицана росдал имам ЯхIия-ХIажица. Щаклъи букIинчIо Аллагьасул кумекалдалъун МухIамад ракIчIараб бергьенлъигун тIад вуссиналда. Гьедин ккезеги ккана. Къабуллъана гьарурал дугIаби.

27 августалда МахIачхъалаялъул аэропорталда ракIарун рукIана рикIкIен гIемерал батIи-батIиял районаздасан эркенаб гугари бокьулелги, жиндир заманалъ гьелъие гIолохъанлъиги, бергьенлъабазе рухIги, жанги, къуватги кьурал, жакъа батIи-батIиял хъулухъазда ругелги гIадамал. Гьезда гьоркьов гьезие киназего нухмалъиги гьабун вукIана нилъер ракьцояв Дагъистаналъул физкультураялъулги спорталъулги министр Сажид Сажидов.

Гьаб нилъер цоцаздехун бухьен чIезабизе кутакалда бигьаяб заманалъ Москваялдаса самолет зодобе баханин ва гьава къотIун гьелъ Дагъистаналъул тахшагьаралде сапар бухьанин абураб хабар букIана бицунеб жив-живас. Гугарухъабазул хIакъалъулъ пикрабазда рукIадго хабар баккана Олимпиадаялъул хIаязул чемпионалгун, призералгун ва гьезул тренералгун Дагъистаналъул спортивияб гугариялъул федерациялъул нухмалъулев ГIумар МуртазагIалиевгун живго бетIергьанаб самолет кватIичIого аэродромалда рещтIине бугилан.

Гьале щвана гьел тарихиял минутал. ТIоцеве ГIумар гьесда хадур Разамбек Жамалов, МухIамад Рамазанов, АхIмад Тажудинов ва хутIаралги рещтIана гIодор. Кутакаб хъатчIваялъул гъугъайгун дандчIвай гьабуна Олимпиялъул хIаязул бахIарзазда халкъалъ, хасго гьезул чIаголъи букIана магIарухъа ва гIатIиракьаздаса дандчIвазе рачIарал хъварщикIкIалахъисезда гьоркьоб. Киназго эхеде ворхун, кодов ккун вачана МухIамад саламатаб халалъиялъул нухалъ.

Рохалил дандчIваялъе Октябрьское росулъги гьоркьоб къотIичIого унеб букIана хIадурлъи. Тепсиялъе хIадурлъиялъе лъун рукIана гIемерал кIуди-кIудиял хьагал. БатIи-батIиял кванил нигIматаздалъун цIезарун рукIана кIинусгогIан чи нахъа гIодов чIезе лъурал столал. ТIоцебесеб иргаялда гIодор чIезаруна батIи-батIиял магIарухъа рукIа, гIатIиракьаздаса рукIа хIурматиял гьалбал. Гьезда гьоркьор рукIана гIемераб заманалъ Октябрьское росулъ парторганизациялъул секретарьлъун хIалтIарав Сасикьа МухIамад ГIамирхановасул гьитIинав вац АхIмад, Кванхидалъа росдал бегавул Идрис Муслимов, Асалудин АхIмаднабиев, росдал имам Зайнудин БатIалав, санкьадисезул Первомайское росдае лъебергогIан соналъ нухмалъи гьабурав ГIизудин СалихIов. ЦIияб Гьагьалъ росулъ букIараб «Аксай» совхоз жиндир заманалъ цебетIезабиялъе кIвахIтун хIалтIарав Хъвайниса ХIамзат ГIабдулкаримов, Москваялда гIумру гьабун вугев росуцояв Ихаку ХIайдарбеков, МахIачхъалаялдаса машгьурав врач КIванкьадиса ГIали Абуязидов.

Киналго гьалбадерил вакилзабаз гьаруна баркиялъул кIалъаял, гьарана Олимпиялъул хIаязул бахIарчиясул эбел Сидратие, кIудияв эмен МухIамадие щулияб сахлъи ва хадубккунги мустахIикъаб къагIидаялда лъимал куцазе къуват.

Гьалбадерица рохалилаб данделъиялда Олимпиялъул хIаязул чемпионасе кьуна батIи-батIиял къиматал сайгъатал. Росдал гIадамазул рахъалдаса МухIамадил тренер Вадим Биазида ретIинабуна буртина, ботIрода лъуна гIадатияб магIарул хъахIаб тIагъур. Гьединабго сайгъат щвана МухIамадиеги. Гьелдаго цадахъ мажгиталъул имамас МухIамадие ва гьесул тIоцевесев тренер Закарияе сайгъаталъе кьуна берцинго къачIан гьарурал Къуръанал.

Рохалилаб ахIвал-хIалалда тIобитIана Октябрьское росдал гIадамаз жидерго бахIарчияв вас МухIамадилгун дандчIвай.

**Гирай ХIайдаров**

Конкурс

# Отбор кандидатур на должность главы сельского поселения

Решением Собрания депутатов сельского поселения «село Метрада» от 30.08.2024 г. №1 на 8 октября 2024 года объявлен конкурс по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «село Метрада».

Приём документов от граждан, желающих принять участие в конкурсе будет осуществляться в администрации сельского поселения «село Метрада».

Срок приема документов: до 26 сентября 2024 г. со дня опубликования настоящего объявления в газете «Голос Цумады».

Время приема документов: рабочие дни с 9-00 до 12-00 и с 13-00 до 17-00.

Для участия в конкурсе кандидат представляет следующие документы:

1. Личное заявление на участие в конкурсе;
2. Собственноручно заполненную и подписанную анкету с приложением фотографий 4 х 5 ( 3 шт);
3. Паспорт или заменяющий его документ;
4. Документы, подтверждающие профессиональное образование, стаж работы и квалификацию (при наличии):
5. Сведения о доходах полученных кандидатом, его супругой (супругом), несовершеннолетними детьми, принадлежащем им имуществе, вкладах в банках, ценных бумагах.
6. Согласие на обработку персональных данных

Также подаются копии всех документов, указанных в подпунктах 3 и 4.

В качестве конкурсного задания кандидат представляет разработанную им Программу действий, направленную на улучшение социально-экономической ситуации в сельском поселении.

Программа обязательно должна содержать:

- оценка текущего социально-экономического состояния сельского поселения;
-описание основных социально-экономических проблем сельского поселения;
-комплекс предлагаемых кандидатом мер, направленных на улучшение социально-экономического положения и решение основных проблем сельсовета;

Программа подписывается кандидатом и представляется в комиссии в день проведения конкурса.

Иные условия и порядок проведения конкурса, формы необходимых для участия в конкурсе документов утверждены решением Собрания депутатов сельского поселения «село Метрада» от 10.07.2015 г. №8 «Об утверждении Положения о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения».

Дополнительную информацию можно получить в отделе правовой работы и информационных технологий администрации муниципального района «Цумадинский район».

**Глава сельского поселения**
**«село Метрада» Г. Газимагомедов**

Газпром

# Вопросы газоснабжения удобно решать онлайн

В первое воскресение сентября отмечается День работников нефтяной и газовой промышленности. Газовые службы республики работают 24/7 для обеспечения надежной и безопасной поставки голубого топлива в дома дагестанцев.

В свой профессиональный праздник компания – поставщик газа в Республике Дагестан - «Газпром межрегионгаз Махачкала» напоминает потребителям газа о возможностях онлайн-обращений в адрес руководства компании. То есть и в будни, и в праздники, абоненты могут подать электронно свое обращение.

Есть несколько дистанционных способов связи с региональной газовой компанией. Их можно использовать для решения как текущих, так и оперативных вопросов.

На сайте «Газпром межрегионгаз Махачкала» работает интернет-приемная генерального директора для обработки онлайн-обращений, заявлений абонентов (ссылка https://receptiondzo.mrgeng.ru/?id=51).

Оставить обращение в интернет-приемной генерального директора удобно – достаточно выбрать раздел и заполнить онлайн-форму обращения. Также можно к обращению прикрепить все необходимые документы. Каждое заявление регистрируется и обрабатывается специалистами. Ответы на обращения направляются по электронной почте или сотрудники связываются по телефону.

Кроме того, учитывая интересы потребителей газа и участников программы догазификации в ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» организована бесплатная многоканальная телефонная линия «Контакт-центра», по которой можно получить консультацию по всем интересующим вопросам газопотребления, оплаты за газ, узнать сумму задолженности и причины, узнать о правилах поставки газа, уточнить дату поверки счетчика, а также сообщить о качестве обслуживания клиентов Общества в абонентских участках и пунктах. Номер «Контакт центра» ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» 8 800 200 98 04 (с 9 до 18.00., звонок бесплатный).

Также для удобства потребителей газа на сайте ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» www.mkala-mrg.ru доступен «Личный кабинет абонента», который предоставляет возможность абоненту зарегистрироваться с помощью электронной почты и посмотреть информацию по своему лицевому счёту, передать показания прибора учёта газа и произвести платежи за газ, не посещая абонентские пункты и не оплачивая комиссию. Также доступны для смартфонов приложения «Газ Онлайн» и «Мой Газ», с помощью которых можно произвести оплату за газ не выходя из дома.

Барки



7 сентябралда гIумрудул 75 сон тIубала Жалалов ГIалил.

ГIемер соназ хIалтIана ГIали райпотребкооперациялъул системаялда. ГIадамазда гьев лъала гIодове виччарав, гIадилав, намус бацIцIадав чилъун.

Гьесда гьавурав къоги, гIумрудул 75 сон тIубайги баркулеб буго хъизан-лъималаз.

Гьарулеб буго гьесие жеги гIемерал соназ берцинаб гIамалгун, недегьаб каламгун, камилаб гIакълугун хъизан-кулпаталъе бетIерлъи ва насихIатчилъи гьабизе щулияб сахлъи ва сахаб гIумру.

Внимание, пожар!

# Детская шалость приводит к пожарам

Пожары, возникающие по причине детской шалости - явление, к сожалению, далеко не редкое. Финал таких пожаров может быть очень трагичным - гибель ребенка.

Почти все маленькие дети проявляют повышенный интерес к огню, не осознавая в полной мере его по-тенциальную опасность. В подростковом возрасте дети в своих играх часто повторяют взрослых, имитируя их действия, труд. В этом возрасте детям хочется все скорее узнать и испытать на себе. Стремление к самостоятельности особенно проявляется, когда дети остаются дома одни. Нельзя быть уверенным в том, что оставшись один, ребенок не решится поиграть с коробкой спичек, не захочет поджечь бумагу, не устроит костер, который однажды видел в лесу.

Бывают случаи, когда взрослые ввиду разных обстоятельств вынуждены оставлять детей на какое-то время без надзора. Это опасно, особенно если дети остаются в запертых квартирах или комнатах. В случае пожара они не смогут выйти из опасного помещения наружу.

На основании выше изложенного, хочется обратиться к родителям:

-проведите профилактические беседы со своими детьми, расскажите им об опасности игр со спичками и другими пожароопасными предметами, объясните им, что ни в коем случае нельзя поджигать сухую траву, разводить костры, каким бы увлекательным занятием это не казалось;
- рассказывайте детям о пожаробезопасном поведении;
- будьте примером во всех ситуациях, связанных с соблюдением правил пожарной безопасности;
- не оставляйте спички в доступном для детей месте;
- не поручайте детям разжигать печи, газовые плиты, самостоятельно включать электробытовые прибо-ры;
- следите, чтобы дети не разжигали костры;
- уходя из дома, не оставляйте малолетних детей без прис-мотра;
- организуйте ребенку интересный досуг.

Научите ребенка правильным действиям при пожаре. При обнаружении пожара или признака горения (задымления, повышенной температуры, запаха гари и т.п.) ребенок любого возраста должен немедленно покинуть помещение. Сообщить о пожаре взрослым или в пожарную охрану по единому телефону спасения «101» или «112».

Очень важно, чтобы дети запомнили эти советы. Личным примером учите, детей соблюдению привил пожарной безопасности. Только большой заботой о наших детях мы сможем предупредить пожары из-за детской шалости, сохранить свой дом, имущество и самое дорогое - жизнь ребенка.

**ОНД и ПР №15 по Ботлихскому, Гумбетовскому, Ахвахскому и Цумадинскому районам**

Утерянное санитарно-эпидемическое заключение №05.11.01.000. М.000022.08.19 от 09.08. 2019 г. выданное территориальным отделом Управления Федеральной службы по надзору в сфере защиты прав потребителей и благополучия человека по Республике Дагестан в Ботлихском районе, считается недействительным.

2024 соналъул 15 январалъ ЦIумада районалъул Гьимерсо росдал жамагIатчагIаз гIуцIараб «Территориально-соседская община коренного малочисленного народа аварцы «Аварцы-Гимерсинцы» абураб гIуцIиялъул цIар община гIуцIараз (учредителаз) хисун буго.

Гьанже гьелда цIар буго «Территориально-соседская Община коренного малочисленного народа аварцы «Гимерсинцы-Багвалалы» абун.

**БетIерав редактор**
**Малачдибиров**
**ГIубайдула СагIадулаевич**
**2-52-44**

**Редакциялъул**
**(издателасул) адрес: 368900**
**Дагъистан Республика,**
**ЦIумада район, Кьенгьара росу,**
**Заводалъул къватI, 4**

**«ЦIумадисезул гьаракь»**
**газета гIуцIарал:**
**Дагъистан Республикаялъул**
**«ЦIумада район» муниципалияб**
**районалъул администрация**
**(ОГРН 1020500562697)**

**Газета къватIибе биччана**
**«Издательский дом «Дагестан»**
**ГАУялъул типографиялда.**

**Адрес: 367018,**
**МахIачхъала шагьар,**
**Насрудиновасул проспект, 1 «А»**
**Тираж - 1274**
**Газеталъул индекс:**
**51377 (бащдаб лъагIалие)**
**63302 (лъагIалие)**

**Макъалабазда рехсарал**
**хIужабазул, тарихазул бальголъи**
**гъорлъ бугел ва цогидалги**
**баяназул жаваб авторас кьола.**

**Газета зарегистрирована**
**Управлением Роскомнадзора**
**по Республике Дагестан.**
**ПИ №ТУ05-00434**
**от 15 июля 2019 г.**

**Адрес электронной почты**
**GoIostsumady@maII.ru**